# amul benn bis bu jaam ñi di xëy lu dul ne ñaari malaaka danañu wàcc, kenn ki naan: yaw Yàlla joxal aji-joxe ji leneen, keneen ki naan: yaw Yàlla joxal aji-téye ji ag yàqule

Jële nañu ci Abuu Hurayrata yal na ko Yàlla dollee gërëm mu jële ci Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc mu wax ne: «amul benn bis bu jaam ñi di xëy lu dul ne ñaari malaaka danañu wàcc, kenn ki naan: yaw Yàlla joxal aji-joxe ji leneen, keneen ki naan: yaw Yàlla joxal aji-téye ji ag yàqule».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day xibaare ne bépp bis bu jant bi fenk ñaari malaaka danañu wàcc di woote, kenn ki naan: Yaw Yàlla joxal kiy jox cig topp Yàlla njabootam ak di ganale ak di saraxe wuutal wecceel ko yiw ca la mu joxe, te baarkeelal ko ko. Keneen ki naan: yaw Yàlla joxal kiy téye wolif loolu ag yàqule te sànk alalam ji mu tere ña ko yeyoo.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee